

PANGARUH KOMPETENSI PEDAGOGIK PIKEUN CAPAIAN HASIL DIAJAR MURID

**(Panalungtikan Deskriptif Analitik di Sakola Dasar Negeri Wilayah Desa
Cibenda Kecamatan Cipongkor Kabupaten Bandung Barat)**

**ku
Cintya Oktavianti
145060170**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu ngagaduhan maksud kanggo milarian terang gambaran sakumaha ageung pangaruh kompetensi pedagogik anu digaduhan ku guru pikeun capaian hasil diajar murid. Metode anu di angge dina panalungtikan ieu nyaeta deskriptif analitik, nyaeta metode panalungtikan anu ngagaduhan maksud kangge ngagambarkeun data anu sifatna langsung teras dilajengkeun sareng nganalisis data kangge milarian pangaruh antara variabel hiji sareng variabel anu sanesna dugikeun ngahasilkeun data anu sawarehna sarupa angka-angka sareng tina hasil eta tiasa digunakeun kanggo kasimpulan. Panalungtikan ieu dadasaran ngeunaan tugas guru sepertos padamelan anu ngamerlukeun kaahlian khusus nyaeta ngadidik, ngajar sareng ngalatih. Sakola SD anu dijanteunkeun panalungtikan nyaeta SDN Cibenda 1 sareng SDN Padakati anu aya di Desa Cibenda aya dina tempat anu terpencil di Kabupaten Bandung Barat. Jumlah conto anu dianggo dina panalungtikan ieu nyaeta 12 guru atanapi guru kelas anu aya disakola eta. Panalungtikan ieu ngagunakeun teknik nyebarkeun angket sareng studi documenter sarupa nilai rapot satiap murid di sakola etaanu saterasna data eta diolah ngagunakeun pangujian analisis regresi linier saderhana sareng pangujian hipotesis ngagunakeun uji t. Dina panalungtikan di kengingkeun hasil nyeta kompetensi pedagogik guru ngagaduhan pangaruh anu sae pikeun capaian hasil diajar murid SDN Cibenda 1 sareng SDN Padakati. Hasil panalungtikan ieu nunjukeun nyaeta kompetensi pedagogik guru di SDN Cibenda sareng SDN Padakati teh aya dina kaayaan sae nyaeta dina rata-rata 89,36. Sareng capaian hasil diajar siswana di SDN Cibenda 1 sareng SDN Padakati oge aya dina kaayaan sae nyaeta rata-rata 74,44. Parantos diujikeun ayana pangaruh anu sae sareng cekap minuhan tina kompetensi pedagogik pikeun capaian hasil diajar murid SDN Cibenda 1 sareng SDN Padakati. Kanyataan ieu nunjukeun langkung ageung kompetensi pedagogik anu digaduhan ku hiji guru nyaeta bakal langkung sae oge capaian hasil diajar anu bakal di gaduhan ku murid.

Kecap Pamageuh : kompetensi pedagogik guru, capaian hasil diajar